



VAKSINASYON POU TOUT MOUN.

Piki rapèl Pfizer COVID-19 la Kesyon yo Poze Pi Souvan

Yo rekòmande piki rapèl vaksen Pfizer kont COVID-19 la pou moun ki elijib ki te resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer kont COVID-19 la nan sis (6) mwa ki sot pase yo oswa anvan sa epi ki gen risk ki ogmante pou li ekspozé a COVID-19 oswa a maladi COVID-19 ki grav, sa gen ladan tou moun ki gen 65 lane oswa ki pi gran. Moun nan sipoze resevwa piki rapèl la apre sis (6) mwa oswa plis, apre l fin resevwa dezyèm dòz Pfizer li a.

Kisa yon piki rapèl ye?

Yon piki rapèl se yon dòz vaksen anplis pou moun ke kò yo kreye pwoteksyon apati vaksen an men pwoteksyon an ka desann amezi ke tan ap pase (se sa yo rele deklèn iminite a).

Kiyès moun ki ka resevwa yon piki rapèl?

Gwoup ki vin annapre yo ki te resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer a elijib pou yo resevwa piki rapèl la sis (6) mwa apre yo te resevwa dezyèm dòz la:

- + Moun ki gen 65 lane oswa ki pi gran
- + Moun ki ap viv nan mezon swen enfimye oswa ki ap viv nan yon sant swen alontèm
- + Moun ki gen 18 jiska 64 lane ki deja gen yon maladi ki ogmante risk pou yo gen yon COVID-19 ki grav.

- + Moun ki gen 18 jiska 64 lane ki gen gwo risk pou yo ekspozé a COVID-19 akòz travay yo (pa egzanp, travayè swen sante ak pwofesè) oswa akòz kote y ap viv la oswa kote yo frekante souvan yo (pa egzanp, chèlètè pou moun ki sanzabri yo)

Poukisa yo rekòmande yon piki rapèl?

Vaksen Pfizer a toujou bon pou fè prevansyon kont maladi grav, kont posibilite pou yon moun entènè lopital oswa mouri akòz COVID-19. Men, gen kèk rechèch ki montre ke pwoteksyon kont enfeksyon vaksen Pfizer a bay la ka kòmanse desann apre yon entèval sis (6) mwa. Kidonk yon piki rapèl ka bay yon pwoteksyon anplis a moun ki gen gwo risk pou yo ekspozé a COVID-19 oswa ekspozé a gwo maladi COVID-19, espesyalman nan moman varyant Delta a ap sikile nan kominote nou yo.

Èske piki rapèl la disponib tou pou moun ki te resevwa vaksen kont COVID-19 Moderna yo oswa Johnson & Johnson yo?

Piki rapèl Pfizer a sèlman disponib pou moun ki elijib ki te resevwa de (2) premye dòz vaksen Pfizer a. Yo pa apwouve rapèl Pfizer a pou moun ki te pran vaksen Moderna a oswa vaksen Johnson & Johnson lan.

Ki pwoblèm medikal ki ogmante risk pou yon moun gen gwo maladi akòz COVID-19?

Pwoblèm Medikal ki ogmante risk pou moun gen gwo maladi akòz COVID-19 gen ladan maladi sik,

pwoblèm kè, maladi nan ren ki kwonik, maladi nan poumon ki kwonik, maladi nan fwa, kansè, demans, VIH ak gwasès. Pou w jwenn yon lis ki konplè, ale nan: [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html)

Kiyès moun ki gen yon risk ogmante pou li ekspoze a COVID-19 nan espas travay li oswa nan lòt espas?

Travay ki kapab ogmante risk pou yon moun ekspoze a COVID-19 gen ladan l travayè nan swen sante, pwofesè, estaf k ap travay nan gadri, nan restoran ak travayè nan makèt yo. Lòt espas kote yon moun ka gen yon risk ki ogmante pou li ekspoze gen ladan l chèlèt pou moun ki sanzabri ak prizon yo.

Kòman m ap fè konnen si m bezwen yon piki rapèl?

Pale ak founisè swen sante w la si w gen kesyon konsènan si w sipoze pran yon piki rapèl. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè, rele 311.

Èske moun ki ansent, ki ap bay tete oswa ki ap eseye ansent ka resevwa yon rapèl?

Konpare ak moun ki pa ansent, moun ki ansent yo ak moun ki fenk ansent yo gen risk ki ogmante pou yo devlope gwo maladi akòz COVID-19. Moun ki ansent yo sipoze pran vaksen kont COVID-19. Si moun ki ansent lan fè pati moun ki nan kritè yo, yo sipoze resevwa yon rapèl.

Ki risk ki genyen lè yon moun resevwa yon piki rapèl?

Pou anpil moun ki te resevwa de (2) dòz vaksen Pfizer a, avantaj y ap resevwa nan dòz rapèl la depase risk yo. Jiskaprezan, reyaksyon yo rapòte apre yon moun fin resevwa yon twazyèm dòz menm jan ak sa yo te rapòte nan de (2) premye dòz yo. Fatig ak doulè nan ponyèt, se de efè segondè komen sa yo, yo plis rapòte. Pifò efè segondè sa yo se ti efè tou piti oubyen efè ki antijan. Efè segondè yo ra, men yo ka rive apre piki rapèl la.

Èske piki rapèl la se menm vaksen ak de (2) premye dòz yo?

Wi. Piki rapèl Pfizer a se menm vaksen an epi se menm kantite dòz li ye ak chak grenn nan de (2) premye dòz la.

Kilè m sipoze pran yon piki rapèl?

Ou sipoze pran yon piki rapèl nan sis (6) mwa oswa pi plis apre w te fin resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer kont COVID-19 ou a.

Si n bezwen yon piki rapèl, èske sa pa vle di ke vaksen an pa efikas?

Non. Vaksen kont COVID-19 yo efikas pou yo anpeche w gen maladi grav, pou npeche w entèn lopital epi pou w mouri menm si variant Delta a ap sikile tout kote. Men, ekspè nan sante piblik yo kòmanse wè kèk rediksyon nan pwoteksyon vaksen an bay la, espesyalman pami kèk popilasyon.

Mwen gen yon sistèm iminitè ki fèb epi m te pran yon twazyèm dòz vaksen. Èske m sipoze pran yon piki rapèl tou?

Non. Pa gen onkenn rekòmandasyon pou w resevwa yon katriyèm dòz pou kounya. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou moun ki gen sistèm iminitè yo ki antijan fèb oswa ki trè fèb, vizite [nychealthandhospitals.org/covid-19-vaccines](https://www.nychealthandhospitals.org/covid-19-vaccines).

Kikote mwen ka resevwa yon piki rapèl gratis?

Piki rapèl Pfizer yo disponib nan 11 lopital sistèm NYC Health + Hospitals yo. Ou pa bezwen fòseman ale nan menm adrès kote w te resevwa de (2) premye dòz vaksen Pfizer ou a. Ale nan nenpòt lopital swen egi NYC Health + Hospitals pou w resevwa rapèl ou a, planifye yon randevou rapèl nan [covid19.nychealthandhospitals.org/COVIDVaxEligibility](https://www.covid19.nychealthandhospitals.org/COVIDVaxEligibility) oswa rele 1-877-829-4692 pou w jwenn èd nan plizyè lang. Piki rapèl Pfizer yo pa disponib nan adrès NYC Health + Hospitals/ Gotham Health yo.

Èske mwen ka pran yon piki rapèl anmenm tan ak lòt vaksen (tankou vaksen kont grip)?

Wi. Li san danje pou w pran yon piki rapèl anmenm tan ak lòt vaksen oswa nenpòt ki lòt, avan oswa apre. Si w potko pran vaksen kont grip ou an, yo toulede disponib nan adrès lopital swen kritik NYC Health + Hospitals yo.

Èske m bezwen yon piki rapèl pou mwen fin vaksinen konplètman?

Non. Yo konsidere yon moun fin vaksinen konplètman de (2) semèn apre l fin resevwa dezyèm dòz vaksen an (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa de semèn apre sèl dòz vaksen Johnson & Johnson lan.

Èske dòz rapèl yo ap obligatwa?

Vaksinasyon Eta Nouyòk la fè obligasyon sèlman pou travayè swen sante yo aplike pou premye ak dezyèm dòz la. Obligasyon an pa gen piki rapèl la ladan l.